



Pou Piblikasyon Imedya: 11/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SEZON PWASON BAS NWA YO AP OUVRI NAN DAT 15 JEN

*Yo Ka Jwenn Pwason Bas yo nan Dlo Tout Gwosè yo Atravè Eta a epi Yo Ofri yon Gwo Opòtinite pou Pechè Amatè yo*

*Lapèch Espòtif yo Jenere Anviwon 1.8 Milya Dola nan Aktivite Ekonomik Chak Ane*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke sezon rekòt tradisyonèl New York pou pwason bas nwa yo, ki enkli pwason bas ki gen gwo bouch ak sa ki gen ti bouch yo, ap ouvri nan Samdi 15 Jen, epi pral kontinye jiska dat 30 Novanm. Sezon pwason bas nwa a ap sipòte endistri lapèch espòtif New York la, ki ap jenere yon anviwon 1.8 milya dola nan aktivite ekonomik chak ane.

"New York se lakay kèk nan lapèch pwason bas ki pi bon nan peyi a, sa ki ap atire pechè ki soti toupatou nan mond lan pou fè lapèch nan dlo nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Yo ka jwenn bon jan opòtinite lapèch pwason bas toupatou nan eta a nan 7,500 lak ak etan yo, ak 112,000 kilomèt rivyè ak kouch dlo yo, epi mwen ankouraje tout moun pwofite de gwo espas ekstèn ke New York gen pou ofri nan sezon lapèch sa a."

Yon sezon kenbe epi libere egziste pou laplipa espas nan Eta a soti depi 1 Desanm jiska jou anvan ouvèti tradisyonèl. Varyasyon nan sezon an yo, longè minimòm ak limit jounalye yo egziste pou kèk sous dlo a, epi yo ankouraje pechè yo veifye gid [règleman lapèch](#) aktyèl Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a anvan yo soti al peche.

New York se lakay yon kantite lapèch pwason bas ke yo rekonèt sou plan nasyonal, ki gen ladan sis nan pi bon 25 "Pi Bon Lak pou Bwason Bas yo" ki nan rejyon Nòdès la an 2018, selon *Bassmaster Magazine*. Gen pami yo Rivyè St. Lawrence ([Thousand Islands](#)) ki klase Nimewo 2, [Lak Erie](#) Nimewo 3, Lak Champlain Nimewo 5, [Lak Oneida](#) Nimewo 12, [Lak Cayuga](#) Nimewo 13, ak [Lak Chautauqua](#) Nimewo 23.

Tou dlo sa yo ap bay opòtinite pou fè lapèch pwason bas eksepsyonèl yo, men pechè yo gen anpil lòt opsyon epi yo pa gen pou yo vwayaje lwen de lakay yo pou jwenn yon espas fòmidad. Pwason bas nwa yo distribiye toupatou nan dlo yo toupatou nan Eta a epi genyen anpil bon jan [kote pou fè lapèch](#) pou yo. An plis, yo ka kenbe gwo pwason bas yo nan dlo ki gen tout gwosè yo, menm nan etan lokal yo. Pandan dènye dekad la, byolojis lapèch DEC yo te kolekte prèske 200 pwason bas ki mezire plis pase 20 pous an longè yo pandan evalyasyon popilasyon lapèch yo ki soti nan anpil dlo, ansanm ak etan yo ki piti jiska 4 ekta.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare,** "Pa gen anpil bagay nan lapèch espòtif ki pi antouzyasman pase lapèch yon gwo pwason bas ki gen gwo bouch oswa ki gen ti bouch, ki selèb pou lit yo. Mwen defye moun New York yo pou yo pran ekipman yo, soti deyò, epi wè si yo ka kenbe pwòp pwason bas twofe pa yo ane sa a".

Pwason bas yo se yon gwo opòtinite pou pechè amatè yo ki ap chèche kenbe premye pwason nan espò yo. Yo ka rive kenbe pwason bas yo ki soti nan rivaj la epi ak nan bato, epi genyen anpil teknik senp ki efikas, tankou [trikaj dejante](#), ke yo ka itilize pou kenbe yo. Yo ankouraje pechè ki amatè nan lapèch yo pou yo verifye [Gid Amatè pou Lapèch I FISH NY lan](#) pou jwenn plis enfòmasyon.

Biwo pou Lapèch DEC yo rekonèt kapti gwo pwason nan espò yo atravè pwogram [Prim Akonplisman Pechè yo](#). Pwason bas gwo bouch ki mezire 20 pous oswa pi plis yo ak pwason bas ti bouch ki mezire 18 pous oswa pi plis yo kalifye pou prim yo nan [Kategori Kenbe epi Libere](#). Ane pase, 23 pwason bas gwo bouch ki mezire jiska 23.5 pous ak 45 pwason bas ti bouch ki mezire jiska 22.5 pous yo te patisipe. Yo ankouraje pechè yo [kontakte DEC](#) si yo kenbe yon gwo pwason bas ane sa a.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)